Не надо преувеличивать опасность коррупционеров. Как правило, это люди, для которых методы уголовных репрессий не приемлемы.

Коррупционер силен, пока во власти. Как показывает практика, лишившись своих полномочий, он становится уязвимым и не опасным для свидетелей и других участников процесса.

Остающиеся же во власти их связи, обычно дистанцируются от изобличенных коррупционеров, чтобы себя не скомпрометировать. Поэтому какое-либо воздействие на свидетелей, бывшие соратники и коллеги не оказывают.

Напомним, что существует Федеральный закон РФ «О государственной защите потерпевших, свидетелей и иных участников уголовного судопроизводства», в котором предусмотрено 9 видов мер защиты. Это личная охрана, выдача средств индивидуальной защиты, связи и оповещение об опасности, обеспечение конфиденциальности сведений о защищаемом лице, переселение на другое место жительства, замена документов, изменение внешности, места работы, учебы и другое.

**Что следует предпринять сразу после свершившегося факта вымогательства?**

Согласно своей гражданской позиции, нравственным принципам, совести и жизненному опыту Вам предстоит принять решение. В связи с этим у Вас возникает два варианта действий:

**Первый вариант:** прекратить всякие контакты с вымогателем, дать понять ему о своем отказе пойти на преступление и смириться с тем, что Ваш вопрос не будет решен, а вымогатель будет и дальше безнаказанно измываться над людьми, окружать себя сообщниками и коррупционными связями.

**Второй вариант:** встать на путь сопротивления коррупционерам – взяточникам и вымогателям, отчетливо понимая, что победить это зло можно и нужно в каждом конкретном случае, что человек должен в любых ситуациях сохранять свое достоинство и не становиться на путь преступления.

**Каждый человек свободен в выборе своего решения.** Но, как свободная личность, он не может не осознавать, что зло должно быть наказано. Поэтому второй вариант в большей степени согласуется с нормами морали и права.

Кроме того, по своему усмотрению Вы можете обратиться с заявлением по месту Вашего жительства:

- в органы МВД;
- в органы Прокуратуры;
- в Следственное управление Следственного комитета;
- в Управление ФСБ.

Одной из форм сообщения о правонарушении коррупционного характера является анонимное обращение в правоохранительные органы. Хотя в этом случае заявитель не может в виду анонимности рассчитывать на получение ответа, а само анонимное обращение о преступлении не может служить поводом для возбуждения уголовного дела (п.7 ст. 141 УПК РФ), но оно обязательно проверяется.

**ВАМ НУЖНО**

**Написать заявление** о факте вымогательства у Вас взятки или коммерческого подкупа, в котором точно указать:

**- кто** из должностных лиц (фамилия, имя, отчество, должность, наименование учреждения) вымогает у вас взятку или кто из представителей коммерческих структур толкает Вас на совершение подкупа;

**- какова сумма** и характер вымогаемой взятки (подкупа);

**- за какие** конкретно действия (или бездействие) у Вас вымогают взятку или совершается коммерческий подкуп;

**- в какое время, в каком месте и каким образом должна** произойти непосредственная дача взятки или должен быть осуществлен коммерческий подкуп.

**ЭТО ВАЖНО ЗНАТЬ**

Устные сообщения и письменные заявления о коррупционных преступлениях принимаются в правоохранительных органах независимо от места и времени совершения преступления ***КРУГЛОСУТОЧНО.***

Вас обязаны выслушать и принять сообщение в устной или письменной форме. При этом Вам следует поинтересоваться фамилией, должностью и рабочим телефоном сотрудника, принявшего заявление.

Вы имеете право получить копию своего заявления с отметкой о его регистрации в правоохранительном органе или талон-уведомление, в котором указываются сведения о сотруднике, принявшем заявление и его подпись, регистрационный номер, наименование, адрес и телефон правоохранительного органа, дата приема заявления.

В правоохранительном органе полученное от Вас сообщение (заявление) должно быть зарегистрировано и доложено вышестоящему руководителю для осуществления процессуальных действий согласно требованиям Уголовно-процессуального кодекса РФ.

Вы имеете право выяснить в правоохранительном органе, которому поручено заниматься Вашим заявлением, о характере принимаемых мер и требовать приема Вас руководителем соответствующего подразделения для получения более полной информации по вопросам, затрагивающим Ваши права и законные интересы.

В случае отказа принять от Вас сообщение (заявление) о коррупционном преступлении Вы имеете право обжаловать эти незаконные действия в вышестоящих инстанциях, а также подать жалобу на неправомерные действия сотрудников правоохранительных органов в Генеральную прокуратуру Российской Федерации, осуществляющие прокурорский надзор за деятельностью правоохранительных органов.

Для того чтобы сообщить о фактах злоупотребления со стороны работников своим служебным положением или фактах коррупции с их стороны.

Позвонить по телефону: «горячей линии».

Воспользоваться ящиком для обращений граждан по вопросам коррупции.

При сообщении информации по телефону или в письменном виде убедительно просим граждан быть максимально конкретными. Ваше сообщение должно содержать следующую информацию:

- конкретно, о каком нарушении идет речь в Вашем заявлении;
- конкретные даты и время;
- конкретное место, в котором произошло нарушение;
- почему Вы считаете, что указанная деятельность является должностным преступлением. Какие имеются вещественные доказательства или документы, подтверждающие Ваше заявление;
- другие свидетели указанного нарушения;
- как можно с Вами связаться для получения дополнительной информации (при этом конфиденциальность гарантируется).

ВАЖНО ПОМНИТЬ, ЧТО ЗАКОН ВСЕГДА НА СТОРОНЕ ТОГО, КТО ОТКАЗЫВАЕТСЯ ОТ ДАЧИ ВЗЯТКИ.

УГОЛОВНОЙ ОТВЕТСТВЕННОСТИ ЗА ПОЛУЧЕНИЕ ВЗЯТКИ МОЖНО ИЗБЕЖАТЬ ТОЛЬКО ОДНИМ СПОСОБОМ – НИКОГДА ВЗЯТОК НЕ БРАТЬ.

Предложенные рекомендации, к сожалению, не могут считаться универсальными, исчерпывающими и единственно верными. В каждой конкретной ситуации вам приходится самостоятельно решать, какие методы и в какой мере применять для достижения наилучшего результата в общении с должностными лицами. Приведенные выше рекомендации - это основные направления для укрепления и защиты позиции граждан, не желающих мириться с коррупцией в своей повседневной жизни.

***Помощник Главы МР «Казбековский район» А. М. Джабраилов***

# Борьба с онкологическими заболеваниями

Постановлением Правительства Республики Дагестан утверждена госпрограмма «Борьба с онкологическими заболеваниями», основной целью которой является снижение смертности от новообразований. В рамках данной программы значительно укреплена лечебно-диагностическая база.

*«Диспансеризация направлена на раннее выявление заболеваний, в том числе онкологических. К онкологии в современное время нужно относиться как к хроническому заболеванию, которое необходимо лечить курсами. Своевременно начатое лечение - залог его успеха и высокого качества жизни пациентов. Возможности для этого в республике есть, в том числе и для лечения таргетными препаратами, то есть когда проводится генетическое исследование опухоли и подбирается тот самый специфический препарат, который, как антитело, будет убивать опухолевые клетки-так достигается максимальный эффект»,*-подчеркнула Татьяна Беляева.

Наиболее уязвимым определен пациент старше 50 лет, живущий в горном районе. На примере такого пациента разрабатывается комплексное решение, которое также включает волонтерское сопровождение по действующей в республике диагностической сети.

Наиболее важно регулярно проходить обследование. Сегодня делается особый акцент на лицах старше 40 лет, так как именно в этой когорте может находиться потенциальный пациент с онкологическим заболеванием. Это те, кто два года и более не делал маммографию (женщины), 2 и более лет не делали флюорографию, не проходили исследования на онкомаркеры, или те, которые не дообследовались после выявления подозрения на опухоль.

У нас в республике открыты центры амбулаторной онкологической помощи, куда по территориальному принципу могут обратиться наши жители для прохождения полного курса обследования. А затем уже с установленным диагнозом обратиться в специализированное учреждение-это либо Республиканский онкологический центр, либо Республиканская клиническая больница. Все эти пациенты проходят консилиум, вырабатывающий индивидуальную тактику лечения пациента. Далее на лечение, на химиотерапию он снова может быть направлен в центры амбулаторной онкологической помощи».

***Главный специалист по защите прав застрахованных***
***Магомедбег Исмаилов, г. Хасавюрт***




# О внесение изменений в Федеральный закон «О воинской обязанности и военной службе»

## от 28 марта 1998 года №53-ФЗ

**Статья 31. Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу**

1. Граждане, не пребывающие в запасе, подлежащие призыву на военную службу, обязаны явиться в указанные в повестке военного комиссариата время и место на медицинское освидетельствование и профессиональный психологический отбор, заседание призывной комиссии или для отправки в воинскую часть для прохождения военной службы, а также находиться в военном комиссариате до начала военной службы.

2. Граждане, подлежащие призыву на военную службу, обязаны получать повестки. Повестки указанным гражданам направляются в письменной форме и дублируются в электронной форме. В повестках должны быть указаны правовые последствия невыполнения гражданами изложенных в них требований.

2.1. Гражданин, подлежащий призыву на военную службу, получивший повестку военного комиссариата после указанной в ней даты явки, в двухнедельный срок со дня получения повестки обязан сообщить об этом лично, явившись в военный комиссариат, либо через портал государственных и муниципальных услуг.

2.2. Гражданину, подлежащему призыву на военную службу, повестка военного комиссариата может быть вручена непосредственно в военном комиссариате под роспись, а также направлена в электронной форме.

В случае, если гражданин отказался от получения повестки военного комиссариата, направленной по почте, или от ее личного вручения, повестка гражданину считается врученной в день такого отказа.

2.3. Граждане, подлежащие призыву на военную службу, выезжающие в период проведения призыва на срок более трех месяцев с места жительства или места пребывания, в том числе не подтвержденные регистрацией по месту жительства и (или) месту пребывания, обязаны сообщить об этом, лично явившись в военный комиссариат либо в местную администрацию соответствующего поселения, муниципального или городского округа, осуществляющую первичный воинский учет.

# Ответственность граждан за нарушение обязанностей по воинскому учету

Неявка гражданина, состоящего или обязанного состоять на воинском учете, по вызову (повестке) военного комиссариата или иного органа, осуществляющего воинский учет, в установленное время и место без уважительной причины, является административным правонарушением, ответственность за которое предусмотрена статьей 21.5 КоАП РФ.

Уважительными причинами в соответствии с Федеральным законом от 28.03.1998 № 53 ФЗ «О воинской обязанности и военной службе» признаются: заболевание или увечье гражданина, связанные с утратой трудоспособности; тяжелое состояние здоровья отца, матери, жены, мужа, сына, дочери, родного брата, родной сестры, дедушки, бабушки или усыновителя гражданина либо участие в похоронах указанных лиц; препятствие возникшие в результате действия непреодолимой силы, или иное обстоятельство, не зависящее от гражданина; иные причины, признанные уважительными призывной комиссией по первоначальной постановке на воинский учет или судом. Причины неявки должны быть подтверждены документально.

**Статьей 21.5 КоАП РФ** также предусмотрена ответственность за неявку в военный комиссариат для постановки на воинский учет, снятия с воинского учета и внесения изменений в документы воинского учета при переезде на новое место жительства, расположенное за пределами территории муниципального образования, место пребывания на срок более трех месяцев либо выезде из Российской Федерации на срок более шести месяцев или въезде в Российскую Федерацию, а равно несообщение в установленный срок в военный комиссариат или в иной орган, осуществляющий воинский учет, об изменении семейного положения, образования, места работы или должности, о переезде на новое место жительства, расположенное в пределах территории муниципального образования или места пребывания. За нарушение обязанностей по воинскому учету предусмотрена административная ответственность в виде предупреждения или штрафа в размере от 500 до 3 000 рублей.

Кроме того, за нарушения законодательства о воинской обязанности предусмотрена уголовная ответственность по ст. 328 УК РФ.

Так, **частью 1 статьи 328 УК РФ** за уклонение от призыва на военную службу при отсутствии законных оснований для освобождения от этой службы предусмотрено наказание в виде штрафа в размере до двухсот тысяч рублей или в размере заработной платы, или иного дохода осужденного за период до восемнадцати месяцев, либо принудительных работ на срок до двух лет, либо ареста на срок до шести месяцев, либо лишения свободы на срок до двух лет.

Уклонение от призыва на военную службу может быть совершено путем неявки без уважительной причины по повесткам военного комиссариата на медицинское освидетельствование, заседание призывной комиссии или в военный комиссариат для отправки к месту прохождения службы. Неоднократные неявки без уважительных причин по повесткам военного комиссариата на мероприятия, связанные с призывом на военную службу, в период очередного призыва либо в течение нескольких призывов подряд, неявка в военный комиссариат по истечении действия уважительной причины, могут свидетельствовать о намерении призывника избежать возложения на него обязанности нести военную службу.

Также уклонением от призыва на военную службу является получение призывником обманным путем освобождения от военной службы, в результате симуляции болезни, причинения себе какого-либо повреждения, подлога документов или иного обмана.

Самовольное оставление призывником сборного пункта до отправки его к месту прохождения военной службы, в целях уклонения от призыва на военную службу, , предусматривает ответственность по ч.1 ст. 328 УК РФ.

# Отделение Национального банка РД разъясняет

**Республика Дагестан** **Северо-Кавказский федеральный округ**

**Сентябрь 2023**

инфляция 7,71%

вес в инфляции СКФО 31,86%

инфляция в РФ* 6,00%




По информации отделения НБ Республика Дагестан, годовая инфляция в Республике Дагестан в сентябре составила 7,7%, после 5% в августе. Из-за ослабления рубля у животноводов выросли затраты на содержание птицы, закупку оборудования и импортных кормовых добавок. Это отразилось в ценах на куриное мясо. По той же причине увеличилась стоимость импортных сухофруктов, апельсинов и лимонов.

Местные помидоры тоже подорожали в годовом выражении. Причиной стало сокращение предложения овощей на внутреннем рынке из-за высокого спроса на дагестанские помидоры в других регионах страны. Кроме того, в их стоимость аграрии перенесли затраты на импортные семена. Они, в свою очередь, дорожали из-за ослабления рубля.

Тот же фактор повлиял на стоимость иномарок. И подержанные, и новые автомобили дорожали быстрее из-за высокого спроса на них в условиях ограниченного предложения.

В сентябре ускорился годовой рост розничных цен на моторное топливо. Как и в предыдущие месяцы это связано с ростом цен на оптовом рынке. Удорожание горюче-смазочных материалов, запасных частей и ремонта транспортных средств сказались на стоимости проезда в междугороднем автобусе, а также в городских пассажирских перевозках. Перевозчики подняли цены из-за увеличения издержек.

В то же время, в первые восемь месяцев текущего года инфляция в регионе оставалась ниже окружных и общероссийских значений.

Подробнее о других причинах изменения цен в Дагестане в сентябре можно узнать в информационно-аналитическом материале Банка России.

# Угарный газ-«тихий убийца»!

Характерным для осенне - зимнего периода происшествием является отравление угарным газом, образующимся при работе газовых приборов. В первую очередь это касается газовых колонок, котлов и печей. Отравления происходят при нарушении естественной тяги или ее полном прекращении и при отсутствии притока воздуха. Отравление угарным газом происходит незаметно, так как он не имеет ни цвета, ни запаха.

Симптомы, проявляющиеся при небольших концентрациях, развиваются постепенно: появляется мышечная слабость, головокружение, шум в ушах, тошнота, рвота, сонливость. При высокой концентрации угарного газа в помещении достаточно даже пары вдохов для смертельного отравления.

Необходимо обязательно помнить, что во время эксплуатации газовых приборов нужно обеспечить постоянный приток свежего воздуха, открыв форточку или поставив окно в «режим проветривания». Важно регулярно проверять дымоходы и вентиляционные каналы. Для этого надо обращаться к специализированным организациям, которые проводят обследование дымвентканалов, что позволяет заблаговременно найти и устранить нарушения.

Основными причинами трагических событий становятся: грубое нарушение правил эксплуатации газового оборудования, использование изношенных газовых приборов, осуществление их самостоятельного монтажа или ремонта. При эксплуатации газовых колонок категорически запрещено отключать автоматику безопасности, что часто делается абонентами при плохой тяге. В результате угарный газ, не уходящий полностью в дымоход, может вызвать отравление. При использовании печного газового оборудования одной из основных причин отравления является закрытие шибера - маленькой заслонки в дымоходе, препятствующей выходу продуктов сгорания в трубу.

Особое внимание необходимо обратить на принудительную вентиляцию в ванной комнате и вытяжку на кухне!

Жилые дома проектируются в соответствии с определенными нормами воздухообмена для ванной, кухни и других помещений. В том случае, если проектом дома не предусмотрена установка принудительной вентиляции с подключением к электропитанию в вентканале, то ее монтаж запрещен, поскольку нарушается естественный воздухообмен в помещении, предусмотренный проектом.

Также опасно использовать вытяжку над газовой плитой! Одновременная работа газовой колонки и вытяжки даже при исправных дымоходе и вентиляционном канале приводит к так называемому «опрокидыванию тяги», из-за чего продукты сгорания начинают поступать в жилое помещение!

*Н.К. Насрудинов, заместитель начальника № 10 ОНД и ПР по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам, майор внутренней службы*

# «Цогояб Россия» конференциялда

14 ноябралда «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул иргадулаб 27 абилеб конференция тIобитIана. Гьабсаг1ат гьеб партиялда районалдаса 1723 чи вуго. Гьеб конференциялда росабазулъ гIуцIарал партиялъул отделенияздаса 35 делегат гIахьаллъана. Гьез рича-чварал суалазул цояблъун букIана хIисабкьеялъул




заманалда партиялъул бакIалъулаб отделениялъул хIаракат. Гьединго гьениб «Цогояб Россия» партиялъул 34 абилеб Дагъистаналъул регионалияб конференциялде 3 делегатги вищана.

Отделениялъул хIалтIул хIакъалъулъ гIатIидго бицана ва цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ баян кьуна гьелъул секретарь ХI.ХI.Мусаевас. Делегатаз отделениялъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна.

Гьелдаго хадуб бицен гьабуна нилъер районалдаса регионалияб конференциялда гIахьаллъиялъе тIаса рищизе кколел делегатазул. Гьедин, киналго разилъун, Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул 34 абилеб конференциялде делегаталлъун ХIажимурад Мусаев, Мурад Ибрагьимов ва Хункарби МухIамадхIабибов рихьизаруна.

*«Салатавия» сеталъулаб издание*

# Гимназиялда «БахIарчиясул парта»

Жиб-жиб заманалъул жиндирго бахIарзал руго. ХIинкъи-къай гьечIев, тIадкъараб иш ракIбацIцIадго тIубалев чи ккола миллияв бахIарчи. *«БахIарчиги хIалихьатги цо хобалъув лъола. Халкъалъ бахIарчиясе рецц гьабула, хIалихьатие нагIана кьола»*,-ян кици буго халкъалъул. Нилъер заманалъул бахIарзаллъун рикIкIине мустахIикъал руго хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулелщинал.

ГIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьей мурадалда, гIадатлъун лъугьун буго школазда «БахIарчиясул парта» гIуцIи. Нилъер районалда гьединал партаби ва бахIарчиясул цIар кьурал цIалул кабинетал гьанжеялде цо чанго руго.

Дагьаб цебегIан хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ватIалъарав ХIосен Насрудинович Маликовасул цIар кьураб кабинет ва «БахIарчиясул парта» рагьана Дилим росдал гимназиялда. Гьелда бан, гьал къояз, гимназиялда кIвар бугеб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул хIинкъи-



гьечIолъиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцалов, бахIарчиясул эмен Насрудин, вац ХIасан, гимназиялъе нухмалъулелгун педагогикияб коллектив ва цIалдохъаби. КIалъазе рахъарал Б. Нуцаловас, Насрудин ва ХIасан Маликоваз, школалъул директор З.С. Темирбулатовалъ ва цIалдохъабаз гьеб тадбиралъул кIваралъул ва бахIарчияс нахъа тараб гIумрудул бицана.

ХIосен Маликовасул цIар кьураб кабинет рагьизе ихтияр кьуна Б.Нуцаловасе, бахIарчиясул инсуе ва эгез-вацасе. «БахIарчиясул партаялда» нахъ гIодов чIезе ХIосенил вацасул вас МухIамад мустахIикъавлъун рикIкIана.

*Динара Батиева*

*Инсан ва гIумру*

# ГIалимирза МухIамадшариповасе -85 сон

Гьаб макъалаялда дие бицине бокьун буго районалъул больницаялда хIалтIарал тохтурзабазул бищунго лъикIаздасан цояв, тIадегIанаб категориялъул тохтур, Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав тохтур, Дагъистаналъул халкъияв тохтур МухIамадшарипов ГIалимирза Зираловичасул хIакъалъулъ.

Гьев гьавуна 1939 соналъул 22 ноябралда Гертма росулъ.

1946-1953 соназ цIалана росдал анкьгосонилаб школалда.

Хадубккун 1953-1956 соназ Хасавюрталъул №3 гьоркьохъеб школалда цебе гIуцIараб бихьиназул школа интернаталда.1956-1962 соназ цIалана Дагъистаналъул медицинаялъул институталда.

1962 соналъ цIали лъугIарав ГIалимирза витIула районалъул больницаялде терапевтлъун хIалтIизе. Гьелдаса нахъе 2017 соналде щвезегIан, хIалтIана терапевтическияб отделениялъул заведующийлъун.

Аллагьасдасанго тохтур ГIалимирзаца тана гъваридаб лъалкI районалъул сахлъицIуни цебетIезабиялъулъ.

Гьев ккола тIолалго гIадамазул рекIелъ хутIарал тохтурзабазул цоявги гьайбатав инсанги.

Диргун ккараб гара-чIвариялда цере ГIалимирзагун цадахъ гьесул хасияталъул ва ишалде бугеб бербалагьиялъул цадахъ хIалтIараз бицана.

ХIажиева Загьидатица (неврологическияб отделениялъе нухмалъулей)абуна:

*«1982 соналъул август моцIалда, цIалиги лъугIун, дун йитIана нилъер районалъул больницаялде хIалбихьи щвеялъе (ординатура) терапиялъул отделениялде. Гьениб ГIалимирза Зираловичасулгу дир тIоцебесеб лъай- хъвай ккана. Гьев вукIана гIолохъанал специалистазе лъикIав насихIатчи, лъалареб малъулаан. Дие захIматалъул гIумруялде лъугьин битIун ккана, ГIалимирза гIадав тохтургун цадахъ медицинаялъул хIалтIуде галаби лъезе щвеялдалъун»*,-ан.

Маржанат Джамалдиновалъ (43 соналъ терапиялъул отделениялъул кIудияй медсестра) гьадин бицана.

*«ГIалимирза Зиралович вукIана терапиялъул отделениялъул «къолден». Гьесул лъайги, унтараздехун бугеб тIалабчилъиги лъалаан район тун къватIибехунги. Гьев вукIана жиндехунгоги отделениялъул киналго хIалтIухъабаздехунги тIалабчилъи цIикIкIарав тохтур. Бищунго лъикIаб гьесул гIамаллъун букIана бокьараб заманалда, сордо-къо батIа гьабичIого, рокъоса ахIараб мехалда вачIун унтарасе хъулухъалъе чIей, ва гьев лъикI лъугьун гурого, аскIосаги унароан. Гьедин, унтаразе хъулухъ гьабулаго, ана ГIалимирзал тIолабго гIумру»*,-ян.



Гьале гьадин бицана Салманов ГIусманицаги (ЦРБялъул бетIерав врачасул заместитель, цеве вукIарав бетIерав тохтур):

*«ГIалимирза Зиралович вукIана цевеТIурав, хIалбихьи бугев тохтур, насихIатчи, гIуцIарухъан. Гьес бажарун тIоцебе хIалтIизабуна кванирукъ, почкаби унтаразе хIалтIизабулеб кванил диета. Компьютералъул томография, УЗИ букIинчIеб заманалда цо фонендоскопалъги унтарасухъги гIенеккун, лъолаан унтуе диагноз, ракIалъул порокалде гIунтIун. КТялъ гьанже лъолел гьуърузул унтабазул (бронхиальная астма, пневмония, бронхит) гьес гьединго, гIицIго хал гьабун, лъолаан диагноз. Гьелъ бицуна ГIалимирзал лъаялъул, ва гьев кидаго жиндирго лъай борхизабиялда тIад хIалтIулев вукIиналъул»*,-ан.

Латипов Расулилги (поликлиникаялъул ЛОР врач, цеве вукIарав ЦРБялъул бетIерав тохтур) гьадинаб пикру бугоан:

*«ГIалимирзал букIана гъваридаб лъай, хIалтIудехун кIудияб рокьи, гьелда тIадчIей. Инсан хIисабалда гьев вукIана ракIалъ тIаде цIалевлъун. Гьев вукIана тохтурзаби МухIамадшариповазул наслуялъе кьучI лъуравлъун. Вац Наби Зиралович 54 соналъ хIалтIана терапевтлъун, вас МухIамадрасул терапиялъул отделениялъул нухмалъулевлъун вуго, яс Зубайбат ккола тIадегIанаб категориялъул участковияй терапевт. Ясал Аминат, Мадина, Умасалимат тохтурзабилъун хIалтIулел руго. Лъади Маймунат гIемерал соназ ЦРБялда акушеркалъун хIалтIана.*

*ГIалимирзаца 1968 соналъ СССРалъул терапевтазул съездалда гIахьаллъиги гьабуна»*,-ян.

Жиндирго аслияб хIалтIиялда цадахъ ГIалимирзаца жигараб гIахьаллъи гьабулаан больницаялъул ва районалъул жамгIияб хIалтIулъги.1977-1991 соназда гьев вищун вукIана ЦРБялъул партиялъул гIуцIиялъул секретарьлъун ва райкомалъул членлъун.

Гьебго заманалда ГIалимирза вищун вукIана районалъул депутатазул Советалъул депутатлъун, гьенибго гьесда тIад къана сахлъицIуниялъул ва гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул комиссиялъул председателасул хIалтIи. 1965-1977 соназ ГIалимирзаца ракIбацIцIадго тIубазабуна районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазул профкомалъул председателасул ишги.

1986-2017 соназ гьев вукIана Дагъистаналъул терапевтазул гIелмияб обществоялъул членлъун. Гьесул букIана микьго гIелмияб хIалтIи. Гьелъухъ 2016 соналъ Россиялъул терапевтазул гIелмияб обществоялъ ГIалимирзае Баркалаялъул кагъат кьуна.

2009 соналъ, Дагъистаналъул партиялъул обкомалъул бюроялъул хIукмуялда рекъон, гьев мустахIикълъана ХIурматалъул грамотаялъе.

1995 соналъ, Дагъистаналъул Верховнияб Советалъул указалда рекъон, ГIалимирзае кьуна *«Дагъистан Республикаялъул хIурматияв тохтур»*, 2006 соналъ-*«Дагъистаналъул лъагIалил тохтур» абурал* цIарал. 2010 соналъ, Дагъистаналъул Президентасул указалдалъун, *«Дагъистан республикаялъул халкъияв тохтур»* абураб тIадегIанаб цIаралъеги мустахIикълъана гьев.

1970 соналъ гьесие *«РакIбацIцIадаб хIалтIухъ»*, 1988 соналъ *«ЗахIматалъул ветеран»* медалал кьуна. Дагъистан республикаялъул бетIер С. Меликовасул 2022 соналъул 14 ноябралда къватIибе бачIараб Указалдалъун, ГIалимирза Зиралович МухIамадшариповасул цIар районалъул Централияб больницаялъе кьуна.

*Ибрагьим Идрисов*

# Унтарасе-устар, къо ккарасе-къебед

Щивасе, лъорал цIун, сахлъиги бикьун,
Бокьилаан цадахъ нусго соналъги,
СанагIалъи бугев гIелму камилав
Кидаго цIунила рекIеда жанив.

Сахлъиялъул гъотIол тIамхалги росун
Рогьалилъ гьавагIан бацIцIадаб ракIгун,
РакIалда имангун унтарасухъ мун
Унго вижинадай дуда релълъарав.

Живгоги берцинав, калам гIакъилав
Къиматаб дур цIаруй гьабила хIурмат,
ЦIар рагIарав тохтур Дагъистаналда
ЦIоб кIудияв гIалим магIарулазул.

Зоб-ракь хъвалхьинаан дару балагьун
Дур унтуе сабаб букIарабани,
ГIелмудул кваразул гъал хьухьинаан
Хьул духъ нахъбуссине вахъуневани.

Мун вахараб щобде щивго вахинчIо,
ТIокIаб лъихъаниги, дур гIакълу гьечIо,
Гьавизе лъарав вас мун эбелалда
Вижине кIварав вас цо Аллагьасда.

КьучI щулияб тухум,борхатаб дур цIар
ЦIализе биччан те щивав Гертмаяс,
Щублъун хадуб бакъул чIоралъ кинигин
Кьер -кьерал кьераца гвангъана район.

Ракьул гохI тIад гьабун мун вугониги
Вуго нижер рекIелъ мун, ГIалимирза,
Нахъе нух лъалареб улкаялда мун
Унго кIоченадай мун абадиялъ.

Абадиялъул рукъ дуе щваниги
Гьабила дур хIурмат мун вугев гIадин
Нахъе вихьулареб хьухь лъураб улка
Хьвадила жакъа ниж дудаса чIухIун.

*Барият Зулумханова, Гертма росу*

# ГIолилал нухда регIана

Нилъеда лъала, кидаго гIадин, гьаб сонaлдаги нилъер гIолилал ВатIаналъ тIад лъураб хъулухъ тIубазе армиялде унел рукIин. Хасго ахираб заманалда гIолохъабазул гьенире ине бугеб гьира бихьулеб буго. Гьедин, дагьал церегIан къояз республикаялъул сборалъулаб пунктaлде нухда регIана нилъер ва Гумбет районалъул гIолилазул цоги къокъа, гьениса гьел ине руго батIи-батIияб рагъулал частазда хъулухъ тIубазе.



Гьел нухда регIулаго, гьезда цеве кIалъазе вахъарав Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас гIолилазда бицана рагъулал частазул къвараpаб низам, хIисаб тун, цIунизе ккеялъул.

Гьенире унел гIолилазда гьоркьор рукIарал Ленинаулалдаса ХIажи Эсембаевас ва Дилималдаса Рамазан Усаматовас абуна жал армиялде жидеего бокьун унел ругилан, ва гьеб жидер цебегосеб анищ бугилан.

*«Салатавия» сеталъулаб издание*

# Лъималазда гьоркьоб футболалъул лига тIобитIана

Нилъер щивасда лъала, нилъер гIолилазул рекIелъ кинаб бакI ккун бугеб футболалъали. Районалда ругел гьелъие гIуцIарал площадкабазда къасиги къадги рагIуна гIолилазул хъуй. Гьелъ бицуна футбол хIалезул кIудияб гьираялъул. Нижеца газеталъул цересел номеразда рахъарал макъалабаздасан нужеда лъалебги букIун батила, районалда цо чанго футболалъул лига тIобитIараблъи ва районалъул администрациялъ кинал нухал гьелъие рагьулел ругелали.

Гьедин, дагьал церегIан къояз, «Ал-



махъ» аренаялда, цебехун Ленинаулалда тIобитIараб футболалъул лигаялъул хIасилал гьарулеб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана росдал бетIер Гъайирсултан Эсенбиев, росдал депутатазул Собраниялъул председатель Якъуб Якъубов ва гьединго росдал рухIияб идараялъул хIалтIухъаби, жамгIиял церехъаби, гIолилал ва цогидал къимат тIадегIанал гьалбал.

Гьеб данделъиялда кIалъазе рахъараз, кутакалда кIудияб къимат кьуна спортивияб школалъул тренерал МухIаммад ГIалхановасеги Марат Абукаевасеги. Гьев кIиявго тренерасул хIалтIуе къимат кьуна росдал жамагIаталъги, щайилан абунани, гьез, росдал гIолохъаби рикь-рикьизе течIого, цойида ккун, битIараб нухде рачунел рукIун.

Хадубккун, жиндирго кIалъаялда М. ГIалхановас баркала загьир гьабуна гьеб турнир гIуцIизе кумек гьабурал гIадамазе, ва хасго рехсана росдал администрация, рухIияб идаралъул хIалтIухъаби, гIолохъабазул жамгIияб гIуцIи ва гьединго рехсечIого бегьуларeб, гIарцудалъун кумек гьабурал ТД «ХIабиб»- алъул бетIергьаби.

Гьеб турниралда гIахьаллъана Ленинаул, Калининаул ва Алмахъ росдал командаби ва абизе бегьила, турнир унгояб гьиралда нухда бачанилан.

Гьедин, киналго хIаязда рекъон, гьадинал хIасилал ккана:

1. «Ленинаул» - Ленинаул
2. «Легион» - Калининаул
3. «Ураган» - Ленинаул

**2008-2009 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб:**

1. «Вацлъи» - Ленинаул
2. «Алмахъ» - Алмахъ
3. «Ураган» - Ленинаул

**2013-2015 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб:**

1. «СагIудия» - Ленинаул
2. «Вацлъи» - Ленинаул
3. «ЦIумал» - Ленинаул
4. «Легион» - Ленинаул

**2010-2012 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб:**

Баркула киналниги командабазда!

*Батирхан Мусичев, Ленинаул росу*

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Бергьенлъи босана

Нилъее балъголъи гуро, районалда физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьосел ишазул отделалъ гьабулеб бугеб хIалтIи. Гьез хIаракат бахъулеб буго школалда цIалулелги студенталги ва хасго росулъ ругел гIолохъабиги гьорлъ гIахьаллъулел тадбирал гIуцIизе.



6 ноябралда Кумторхъала районалда тIоритIана «ГIолохъанав ополченец» абураб ц1аралда гьоркь рагъулаб хIадурлъиялъул рахъалъ республикаялъул къецазул зоналияб бутIа.

Гьел къецал хурхинарун рукIана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIумрулдаса ратIалъарал дагъистаниял ракIалде щвеялде.

Гьел къецазда нилъер районалъул лицеялдаса командаги гIахьаллъана.

Щуго батIияб номинациялда: спорталъулаб хIадурлъи, физкультураялъулаб бажари, туманкI кьвагьи, автомат бихьун бакIари, сангаразул нух - бажари борцана гIолилазул. Гьел киналниги номинациязда нилъер командаялъ бихьизабуна жидерго цолъи ва унго-унгояб хIадурлъи, киналниги рахъазда гьел тIоцересел бакIазде рачIана, гьединго гьезие тIолго командаялъулаб тIоцебесеб бакIги щвана.

Жидерго номинациязда бищунго лъикIаллъун рахъана ХIамзатова Гулпайрат (туманкI кьвагьиялъе), МухIаммадхIабибов Къурбан (физкультураялъулаб хIадурлъиялъе) ва Гисаев Гали (автомат бихьун бакIариялъе).

Хадубккун нилъер команда Каспийск шагьаралда тIоритIизе ругел финалиял къецазулъ гIахьаллъизе буго.

Нилъер команда Дилим росдал лицеялъул бажари бугев мугIалим Исрапил Булатхановас хIадур гьабун букIана.

Гьарула гьезие жеги чIахIияб бергьенлъаби ва рукIинесел финалалъулал къецазда битIккей!

*МахIмуд ДавудхIажиев*

*Эркенаб гугари*

# Финалистлъун тIад вуссана

10-13 ноябралда Кабардино-Балкариялъул Нальчик шагьаралъул «Гладиатор» спортивияб комплексалда тIобитIана гIолилазда гьоркьосел эркенаб гугариялъул, балкаразул шагIир Кязим Мечиев ракIалде щвезавиялъул тIолгороссиялъулал къецал. Лъабго къоялъ халатрахъарал хIалуцарал къецазулъ 12 батIияб цIайиялда Россиялъул 16 регионалдаса 450 гIолилав гIахьаллъана.



Гьел кIвар бугел къецазул ургулъе нилъер районалдаса М. ГIазаевасул цIаралда бугеб ДЮСШялъул гугарухъабиги рахъана. Гьезда гьоркьоса 41 цIайиялда Ислам КъурахIмаев мустахIикълъана мазгарул медалалъе, ай 3 бакIалъе. Исламил бергьенлъиялъе квербакъараллъун рукIана гьесул тренерал АтавхIажи ГIамиев ва МахIмуд Гъазиев.

Къецазул финалистазе Россиялъул эркенаб гугариялъул первенствоялда гIахьаллъизе ресги щвана.

РакI-ракIалъ баркула гьитIинав речIчIухъанасда ва гьесул тренеразда гьеб кIудияб бергьенлъи.

*Динара Батиева*

# Объявление

Утерянный аттестат №160621 об основном общем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №2 в 1994 году на имя Висалгереева Муслима Асланалиевича, считать недействительным.

## ГъалатI битIизаби

10 ноябралда къватIибе биччараб №44 «Чапар» газеталда бахъараб «Дубкиялъул цIияв бегавул» абураб макъалаялда гъалатI ун буго: «**ДжабрагIилов**»-ан хъвараб бакIалда, цIализе ккола «**Джамалдинов**»-абун.

**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**